

Chè Paran / Responsab Legal Jane,

Rapò sa a se yon rezime pèfomans Jane nan Egzamen Lang ak Literati Anglè anndan Pwogram Egzamen Eta Nouyòk li te pran nan prentan 2019. Nòt egzamen an se yon fason pou ede ou konprann kijan pitit ou te konpoze; **men, nòt sa a pa montre tout sa Jane konnen ak tout sa li ka fè. Nou bay rezilta Egzamen ELA ak Egzamen Matematik pou Klas 3èm ane jiska 8èm ane pou detekte kijan elèv yo travay men nou pa p mete yo nan relvenòt ofisyèl Jane oswa dosye akademik pèmanan li.**

TRADIKSYON



www.engageny.org/translate

**NÒT POU
JANE**

ANE SA A




ANE PASE




Ane pase Jane te fè Nivo X nan egzamen ELA pou Klas X ane a.

NIVO PÈFÒMANS



JANE NAN NIVO ESTANDA ETA A

KONPAREZON ANT PÈFÒMANS JANE AK PÈFÒMANS LÒT ELÈV



DISTRI
X%

Jane te travay nan menm nivo oswa nan nivo ki pi wo pase X% elèv nan klas sa a nan distri a.



ETA
X%

Jane te travay nan menm nivo oswa nan nivo ki pi wo pase X% elèv nan klas sa a nan eta a.

Estanda Aprantisaj Eta Nouyòk pou Lang Angle ak Alfabetizasyon dekri kisa Jane sipoze konnen ak kapab fè nan chak nivo klas. Seksyon sa a montre kantite pwen Jane fè nan seksyon Lekti ak nan seksyon Redaksyon an.



SEKSYON LEKTI

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- konprann lide dirèk ak endirèk nou te prezante nan tèks pou nivo klas yo epi rekonèt kijan yo devlope nan tout tèks la;
- dekri tout pèsonalite pèsonaj yo, epi konekte ak lide ak evènman;
- konprann sans ak efè mo, ak fraz nan sans figure ak konotatif;
- analize estrikti ak òganizasyon tèks la, epi idantifye kijan yo devlope pwennvi;
- entegre konesans ak ide yo fè pase nan tèks la kote yo itilize ilustrasyon ak koneksyon lojik ant diferan pati nan tèks la.



SEKSYON REDAKSYON

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- fè deklarasyon ki montre bonjan rezònman ak ase prèv nan tèks la;
- yo ekri sou pèsonaj epi dekri kijan yon pèsonaj asosye avèk lòt la nan tèks la;
- konpare epi opoze pwennvi ak tèm nan tèks yo;
- analize evènman ak aksyon nan yon tèks;
- detèmine efè lang sou aspè yon tèks epi dekri enpòtans istwa ak eleman estrikti tèks la;
- montre yo konprann lè yo pwodwi redaksyon lojik ki montre yo itilize gramè angle pou nivo klas yo.

Tanpri sonje elèv ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) oswa Seksyon 504 Plan Adaptasyon (504 Plan) ki endike pou yo li egzamen yo awotwva ta dwe resevwa aranjman pou egzamen sa a, dapre endikasyon espesyal ki nan IEP/ Plan 504.

KORE REYISIT JANE

Kontakte pwofesè Jane epi mande li ki domèn ki pi difisil pou Jane.

Mande lekòl la kijan ou pral resevwa rapò sou pwogrè Jane regilyèman.

Si sa nesèsè, mande sèvis sipò pou elèv tankou sèvis konsèy ak sèvis oryantasyon eskolè a pou yo kapab ede Jane plis siksè posib.

Gade travay Jane fè nan klas la ak devwa li fè lakay li pou wè kijan Jane ap fè pwogrè.

Pou plis enfòmasyon sou egzamen sa a, estanda Eta Nouyòk yo, ak jan ou kapab ede Jane, ale sou: www.engageny.org/parent-and-family-resources